

## Abri pou moun Vyolans Domestik nan Zòn lan

Èd pou Víktim Vyolans Domestik (AVDA)  
Disponib 24h: (800) 355-8547

Kay Amoni YWCA Mary Rubloff  
Telefòn: (561) 640-9844

Sant Resous pou Fanm Epi Timoun, Ink.  
Telefòn: (561) 848-8383

Sosyete Èd Legal localize nan 423 Fern Street  
nan West Palm Beach. Antre ofis la se sou Fern  
St, nan mitan Dixie Hwy epi Quadrille Blvd.

Ofis nou 4 blok Sid de ofis Tribunal Palm Beach  
ki sou Dixie hwy epi 2 blok Ès de Cityplace.




### Localize

Projè Vyolans Domestik posbi gras a  
sipò jenere nan:

- Komisyón Konsey Komisyónè  
Konte Palm Beach
- Fondasyon Bar Florid
- Vil Palm Beach De Fason Ini
- Fason Ini nan Konte Palm Beach,  
Ink.

## *Projé Vyolans Domestik*



### **Projè Vyolans Domestik**

Sosyete Èd Legal  
nan Konte Palm Beach, Ink.  
423 Fern St, Ste 200  
West Palm Beach, FL 33401

Rele Lendi-Vandredi

9:00 a.m.- 5:00 p.m.

**(561) 655-8944 ext. 238**

Gratis: (800) 403-9353 ext. 238

Se habla español!

Fax: (561) 655-8944



Sosyete Èd Legal nan Konte Palm Beach

423 Fern St, Ste 200

West Palm Beach, FL 33401

Telefòn: 561-655-8944 ext. 238

Fax: 561-655-5269

[www.legalaidpbc.org](http://www.legalaidpbc.org)

## **PROJÈ VYOLANS DOMESTIK** nan Sosyete Èd Legal sèvi viktim vyolans domestic ki abite nan konte Palm Beach.

Objektif nou se bay sèvis ki bon kalite epi gratis pou pèmet viktim vyolans kgen pouvwa, epi pou asire sekirite yo.

### *Kisa ki Vyolans Domestik?*

**Vyolans Domestik** se: nimpòt ki atak, atak grav, batri, batri grav, atak seksyèl, atak batri seksyèl, arselman, arselman grav, kidnapping, anprizònman, oswa nimpòt ofans kriminel ki abouti a yon blesi obyen mò yon moun nan fanmi ou obyen nan kay ou poutèt yon lòt manm nan fanmi a obyen kay la. Fla. Stat § 741.28.

### *Kisa ki yon Sispansyon ye?*

**Sispansyon pou Proteksyon** (ase souvan rele “lòd pou restriksyon” obyen “lòd pou proteksyon”) se òd tribinal ki proteje viktim kont vyolans epi kontak (lakay yo, nan travay yo, an pèson, nan telefòn, pa imèl, pa tèks mesaj, epi a travè yon twazyèm-pati).

### *Kijan mwen aplike pou yon sispan-syon?*

Dabò ranpli yon Petisyon pou yon Sispansyon avèk Grefye Tribunal la ki dekri sikontans vyolans la. Bay dat avèk leu spesifik. Dekri evènman resan avèk nimpòt vyolans epi menas vyolans ki pase.

Yon jij ap revwa petisyon ou epi li ap mete yon Sispansyon Tanporè obyen mete yon Lòd miz an Odyans. Lòd sa yo mande pou ou paret nan tribinal avan 15 jou avèk tout testaman ou, nenpòt ki evidans epi temwen ou genyen pou montre poukisa ou beswen sispansyon a.

### *Ki sèvis Projè Vyolans Domestik la ofri?*

- ◆ Konsèy legal imedyat
- ◆ Yon avoka gratis pou reprezante ou nan tribinal pou sispansyon a
- ◆ Asistans pou viktim ki vle prolonge sispansyon ki egziste déjà
- ◆ Referans pou reprezantasyon gratis pou moun ki kialifye pou divòs, patènité, sipò pou timoun, adopsyon, siveyans fanmi, benefis publik, lojman, depandans, sezisman kay, imigrasyon, pwoblèm ansyen sitwayen, epi plis...

### *Eske gen yon pri pou sèvis nou?*

**PA GEN OKEN PRI NI KALIFIKASYOON FINANSYÈ POU RESEVWA SÈVIS VYOLANS DOMESTIK NOU.**

### *Kijan mwen kalifye pou sèvis Projè Vyolans Domestik?*

Tout kalite revni ka kalifye pou reprezantasyon pou sispansyon pou vyolans domestik. Si ou janm gen yon sispansyon kont ou, oswa si ou janm arete pou vyolans domestik, nou pap reprezante ou.

### *Kileu mwen kontakte Vyolans Domestik pou reprezante mwen?*

Jou ou ranpli petisyon ou, wa'p resevwa yon dat pou al nan tribinal. Pran kontak avèk Projè Vyolans Domestik **imedyatman** ke ou resevwa dat tribinal lan. Resous nou limite, epi nou fe reprezantasyon sou yon baz premye-vini, premye-sèvi.

Rele **(561) 655-8944, ext. 238**, epi asire'w ke ou gen lòd tribinal lan avèk ou leu wa'p rele. Si pa gen moun ki repon apel ou, tanpri kite yon mesaj avèk non ou, nimo telefòn ou, epi dat pou al nan tribinal lan.

Si ou kalifye pou sèvis nou, wa'p resevwa yon rendez-vous pou rankontre avèk yon avoka pou diskite ka ou.

### **Projè Vyolans Domestik**

Rele Lendi-Vandredi  
9:00am-5:00pm  
(561) 655-8944 ext 238  
(800) 403-9353 ext 238  
Se habla español!